



**Biwo Pwokirè Jeneral la
Inite Jistis pou Timoun**

Dwa Elèv Imigran yo pou Ale Lekòl: Yon Gid pou Fanmi yo

01

Tout timoun gen dwa pou jwenn yon edikasyon piblik gratis

- **Tout** timoun ki gen laj pou lekòl gen dwa ale nan lekòl piblik ki nan vil kote y ap viv la, kèlkeswa estati imigrasyon timoun nan.
- Lè w enskri timoun ou an nan lekòl, distri lekòl la **pa** kapab mande pou estati imigrasyon pa w oswa timoun ou an oubyen mande pou bay dokiman imigrasyon.
 - Distri lekòl la kapab mande pou w bay dokiman pou montre laj ak adrès timoun ou an. Adrès la vle di kote timoun ou an ap viv la.
 - Lekòl yo t a dwe aksepte divès kalite dokiman pou montre laj ak adrès timoun ou an. Distri lekòl yo **pa** kapab egzije pou bay dokiman ke leta bay. Pa egzanp, si ou pa genyen yon batistè, ki montre laj timoun ou an, distri a kapab aksepte yon deklarasyon nan men paran an ki bay dat timoun nan te fèt la.
 - Gen anpil mwayen ou kapab itilize pou w montre adrès ou tankou yon fakti telefòn oswa lòt sèvis piblik, yon kontra lweyay, yon resi pèman lweyay ki montre adrès ou, yon lèt ki soti kay doktè timoun ou an ki gen adrès ou ladan, elatriye.
- Anba lwa federal (Lwa sou Èd pou Sanzabri McKinney-Vento), lekòl yo **dwe** enskri imedyatman timoun ki nan sitiasyon sanzabri oswa ki ap pataje lojman ak lòt moun akòz sitiasyon ekonomik, menm si timoun nan pa gen dokiman ki montre adrès kote l ap viv la. Apre enskripsyon an, lekòl yo kapab ede w verifye laj ak adrès timoun ou an.

02

Lekòl yo dwe pwoteje enfòmasyon elèv yo

- Anba lwa federal, Lwa sou Dwa ak Vi Prive Fanmi nan domèn Edikasyon an (the Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), distri lekòl yo **pa kapab** bay ajan ICE yo, Ajans Ameriken pou Aplikasyon Lwa sou imigrasyon ak Ladwàn (U.S. Immigration and Customs Enforcement, ICE) enfòmasyon ki idantifyab pèsònèlman sou elèv yo ak fanmi yo san konsantman enfòmè espesifik yon paran oswa yon gadyen, oubyen yon òdonans jidisyè.
- Lekòl yo **pa kapab** bay ICE aksè a timoun ou an pandan li nan lekòl la san yon manda lajistis. Yon manda lajistis diferan de yon manda administratif nan men ICE oswa Depatman Sekirite Enteryè. Yon manda lajistis dwe gen siyati yon jij oswa yon jij nan tribinal.
- Paran ak fanmi ka chwazi retire kèk oswa tout enfòmasyon timoun yo an ki nan anyè lekòl la nenpòt lè nan ane lekòl la.
 - Jwenn kategori enfòmasyon ki anndan anyè lekòl ou a.
 - Mande lekòl ou a kijan yo pataje enfòmasyon anyè a ak moun deyò.

03

Li enpòtan pou kontinye voye timoun ou an lekòl

- **Tout** timoun ki gen ant 6 zan ak 16 zan (pou kòmanse Septanm nan ane kalandriye kote yo gen 6 ans an) oblije ale nan lekòl piblik, prive, oswa nan yon pwogram lekòl lakay ki apwouve.
- Lekòl yo dwe depoze yon aplikasyon pou Timoun ki Bezwen Èd nan yon Tribinal Timoun si yon timoun genyen plis pase 8 jou absans ki pa otorize nan yon trimès.
- Li enpòtan pou kominike avèk lekòl la si gen yon rezon ki fè timoun ou an pa kapab ale lekòl la.
- Si timoun ou an angwase pou ale lekòl, ou kapab mande sipò nan men konseye oswa travayè sosyal lekòl la.

04

Prepare davans epi konnen dwa w

- Mete ajou regilyèman kontak nan ka ijans ou yo, kontak lòt moun ki responsab timoun ou an, ak kontak moun ki gen pèmasyon w pou yo vin chache timoun ou an lekòl pou ou.
- Fè yon plan epi prepare dokiman nan ka yon lòt moun t a dwe ap okipe timoun ou an.
- **Chak** distri lekòl anplwaye yon lyezon sanzabri pou ede timoun ak fanmi yo nan pwosesis enskripsyon an. Si ou sanzabri oswa w ap pataje lojman ak lòt moun, mande pou pale ak yon lyezon sanzabri pou ede w nan enskripsyon an.
- Fanmi yo gen dwa a sèvis tradiksyon ak entèpretasyon pou kominike ak lekòl la. Mande pou yon entèprèt ak dokiman ki tradui.
- Si timoun ou an pè oswa li angwase, **chache sipò** pou timoun ou an bò kote konseye lekòl la, travayè sosyal lekòl la, oswa yon lòt granmoun nan lekòl la ou fè konfyans.

Jwenn Plis Sipò nan Biwo Pwokirè Jeneral la

Konnen plis sou lòt resous ki disponib pou kominote imigran nan: <https://www.mass.gov/info-details/resources-for-immigrants-in-massachusetts>. Kontakte Divizyon Dwa Sivil la nan (617)963-2917.